



INTERUNIVERSITY
INSTITUTE for
RESEARCH &
DEVELOPMENT

UNIVERSITY OF MIAMI
INSTITUTE for ADVANCED
STUDY of the AMERICAS

UNIVERSITY OF MIAMI
COLLEGE of
ARTS & SCIENCES

APRE SIKLÒN MATTHEW


RESOUS, KAPASITE, AK REKOUVREMAN EKITAB
KOMINOTE KI TE DEVASTE YO AN AYITI

Nan dat 4 oktob 2016 la, yon siklòn kategori 4, Siklòn Matthew, ravaje rejyon sid Ayiti. Apre siklòn nan, Institit Interuniversitaire de Recherche et de Développement (INURED), antre an kolaborasyon ak Center for Haitian Studies (CHS) nan Miyami epi Project Medishare pou fe yon etid sou sitiyasyon post-dezas la nan Grandans ak nan depatman Sid peyi a. Objektif etid la se te a) utilize metòd kantitatif ak etnografik pou nou cheche konprann konsekans dezast la genyen sou vi moun kap viv nan rejyon ki frape yo; b) konprann sa moun kap viv nan kominote ki afekte yo di yo bezwen; e c) idantifye resous ak kapasite lokal ki ka ede moun yo nan kominote yo kanpe sou pye yo epitou rebati.

Malgre dezast se yon reyalyite peyi a ap toujou gen pou l fe fas akòz chanjman klimatik, Ayiti pa investi ase nan pwogram preparasyon kont dezast. Mwens ke mwatye nan moun ki patisipe nan ankèt sa a di gen yon sistèm alèt nan kominoté yo pou fè yo konnen lè gen yon move tan oubyen lot danje kap vin sou yo. Pou moun yo ki di gen yon sistèm ki egziste, yo fe konnen li pa efikas. Leta di gen 1,300 abri pwovizwa nan peyi a; men, pifò ladan yo pa nan bon kondisyon oubyen pa byen konstwi. Kidonk sa rann popilasyon an pi vilnerab lè gen yon dezast.


ANKÈT APRE DEZAS

Depatman Grandans



1 Chambellan 2 Anse d'Hainault 3 Dame Marie

Depatman Sid



4 Côteaux 5 Les Anglais

■ Ankèt nan kay moun yo
■ Ankèt ak lidè kominote



KALENDRIYE AKTIVITE PWOJE A

OCT 4
2016

Siklòn Matthew frape zonn sid lan

NOV
2016

CHS ak Project Medishare mete ak INURED pou finanse yon etid sistematik sou enpak dezast la gen sou Gransid la

FEB
2017

Siklòn Matthew frape zonn sid lan

APR 9-10
2017

INURED ak Project Medishare òganize yon misyon medikal nan Chambellan pou reponn maladi pou etid la te idantifye

OCT 10
2016

INURED finanse yon evaliyasyon preliminè sou enpak Siklòn Matthew sou Gransid la

DEC
2016

Etid la komanse

MAR
2017

INURED ak Consortium des organizations de la société civile prezante rezilta preliminè etid la bay Premye Minis Jacques Guy Lafontant. INURED prezante rezilta preliminè yo bay meri nan Anse d'Hainault, Chambellan, Côteaux, Dame Marie, ak Les Anglais

APR 27
2017

INURED ak University of Miami Institute for Advanced Study of the Americas òganize yon rankont pou diskite rezilta etid lan



INTERUNIVERSITY
INSTITUTE for
RESEARCH &
DEVELOPMENT

UNIVERSITY OF MIAMI
INSTITUTE for ADVANCED
STUDY of the AMERICAS



UNIVERSITY OF MIAMI
COLLEGE of
ARTS & SCIENCES




APRE SIKLÒN MATTHEW

RESOUS, KAPASITE, AK REKOUVREMAN EKITAB
KOMINOTE KI TE DEVASTE YO AN AYITI

REZILTA (SOU BAZ ANKÈT YO)


SWEN SANTE




SANTE FIZIK




DLO POTAB




TWALÈT OU LATRINN



YON BON KAY POU RETE




SANTE MANTAL



MANJE




ÈD



SEKIRITE EKONOMIK



EDIKSYON TIMOUN YO



Devan difikilte sa yo, gen anpil kritik ki fèt sou distribisyon èd lan; moun yo di èd la pa ase epitou distribisyon an fèt nan patipri. Kidonk, nenpòt ki entèvansyon kap fet pou ede kominote yo rekanpe sou pye yo sipoze bati sou resous ki egziste deja ladan l: tè, ki ka sevi pou fasilite aksè a kredi pou peyizan yo; rezo sori, kòve, atribisyon, eskwad ak kooperativ; gwoup jèn ki ka sevi kòm baz pou relanse sektè agrikòl la ak sektè ekonomik la; ak kapasite lokal, ki ka ede ranfose epi rasinen anpil inisyativ nan kominote yo.

REKÒMANDASYON

- Leta dwe kreyi yon bank agrikòl nan chak rejyon pou bay peyizan, kooperativ e asosyasyon kredi ak asirans.
- Leta dwe rekrite epitou fome ajan agrikòl e veterinè nan rejyon ki plis afekte yo.
- Ministè Agrikilti dwe kolabore ak fakilte agwonimi nan inivèsite yo pou fe ankèt pou jwenn solisyon pou insekt tankou fomi ak cheni kap detwi danre yo.
- Ministè Agrikilti dwe fe yon enventè tout pye bwa ki te detwi nan zonn nan pou fe yon rebwazman sistematik nan rejyon an.
- Leta dwe peye frais lekòl, inifòm ak tout materyèl pedagogik pou tout timoun ki afekte nan zonn nan.
- Leta ak ONG yo dwe itilize materyèl lokal pou pwoje rekonstriksyon ak lòt pwoje entèvansyon nan zonn afekte yo.
- Leta ak ONG yo dwe travay ak pwofesyonel nan zonn kote yap fè pwoje entèvansyon pou reponn a dezast la.
- Ministè Edikasyon dwe sipote kantin ki bay elev yo manje ki gen pwodwi lokal pou ede sektè agrikòl ak lapèch devlope.
- Leta dwe distribye zouti bay kooperativ ak asosyasyon lokal yo pou ede peyizan netwaye jaden yo pou yo ka retounen kiltive tè yo.

Source: Cartographie des Ressources et des Capacités pour un Recouvrement et une Reconstruction Équitables, 2017.